EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejar




# THE POETICS OF THE HUNTING THEME IN K. MAMBETOV'S NOVEL "POSQAN EL"

**Jamila Azatova**
Doctoral Student, NSPI named after Ajiniyaz
https://doi.org/10.5281/zenodo.20643870

**ARTICLE INFO**
Received: 02nd June 2026
Accepted: 08th June 2026
Online: 09th June 2026
**KEYWORDS**
*Hunting, falconry, bird hunting, poetics, tiger, nature, artistic image, national worldview.*

**ABSTRACT**
*This article analyzes the artistic features of the hunting theme in K. Mambetov's novel Posqan El. Based on the chapters "Shikarda" and "Bolar Bala Bes Jasynan Belgili", the ethnographic, philosophical, and poetic functions of hunting are examined. The study identifies the role of hunting motifs in revealing the characters' personalities, depicting the relationship between humans and nature, and reflecting the national worldview. Particular attention is paid to the ideological and aesthetic significance of hunting traditions in the artistic structure of the novel.*

# K.MÁMBETOVTÍŃ "POSQAN EL" ROMANÍNDA AŃSHÍLÍQ TEMASÍNÍŃ POETIKASÍ

**Azatova Jamila**
Ájiniyaz atındaǵı NMPI doktorantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.20643870

**ARTICLE INFO**
Received: 02nd June 2026
Accepted: 08th June 2026
Online: 09th June 2026
**KEYWORDS**
*Ańshılıq, sayatshılıq, qusbegilik, poetika, jolbarıs, tábiyat, kórkem obraz.*

**ABSTRACT**
*Bul maqalada K.Mámbetovtıń "Posqan el" romanındaǵı ańshılıq temasınıń kórkemlik ózgeshelikleri analiz etiledi. Romannıń "Shikarda" hám "Bolar bala bes jasınan belgili" bólimleri tiykarında ańshılıqtıń etnografiyalıq, filosofiyalıq hám poetikalıq funkciyaları kórip shıǵıladı. Ańshılıq motivleriniń qaharman xarakterin ashıwdaǵı, adam men tábiyat qatnasın súwretlewdegi hám milliy kózqarastı súwretlewdegi ornı anıqlanadı.*

Ańshılıq temasınıń adamzat mádeniyatı tariyxındaǵı ornı ayrıqsha. Eń áyyemgi dáwirlerde tirishilik quralı bolǵan ańshılıq keyinirek estetikalıq hám mádeniy qubılısqa aynaldı. Sonlıqtan, jáhán ádebiyatında ańshılıq motivleri tek waqıyanı rawajlandırıw quralı sıpatında emes, al adam menen tábiyat qatnasınıń filosofiyalıq mazmunın ashıw quralı sıpatında da qollanıladı.

Qaraqalpaq ádebiyatında ańshılıq fenomenin keń hám tereń súwretlegen shıǵarmalardıń biri K.Mámbetovtıń "Posqan el" romanı bolıp tabıladı. Jazıwshı ańshılıqtı tek turmıslıq detal retinde emes, al milliy turmıs, adamgershilik qádiriyatları, tábiyatqa munasibet hám qaharman xarakteriniń qáliplesiwi menen baylanısta súwretleydi. Ásirese, romannıń

"Shikarda" hám "Bolar bala bes jasınan belgili" bólimlerinde ańshılıq temasınıń kórkemlik xızmeti tolıq ashıladı.

Shıǵarmada Noǵay elindegi ańshılıqtıń eki túri haqqında aytıladı. Birinshisi – jeke mergenniń sayatı bolsa, ekinshisi – úlken kólemdegi Sultan sayatı. Sultan sayatı bir neshe adamnıń qatnasıwı menen ótkeriletuǵın ápiwayı ańshılıq emes, al arnawlı shólkemlestiriletuǵın jámiyetlik waqıya sıpatında beriledi. Mıńlaǵan adamlar dalanı qorshap alıp, ańlardı ortalıqqa qaray qısa baslaydı. Bul kórinis bir tárepten adamnıń tábiyatqa ústemlik etiwge umtılısın kórsetse, ekinshi tárepten kóshpeli xalıqtıń birigiw múmkinshiliklerin de kórsetedi.

"Shikarda" bólimindegi eń bahalı epizodlardıń biri – ań etin bóliw hám awqat tayarlaw kórinisleri. Avtor ań awlanǵannan keyin ókpe, júrek, bawır, bótekelerdiń sol jerdiń ózinde asılıp jelinetuǵının aytadı. Bir qaraǵanda bul ápiwayı turmıslıq detal sıyaqlı kórinedi. Biraq, onıń astarında úlken etnografiyalıq mazmun jatır. Kóshpeli xalıqlar turmısında awlanǵan ańnıń hárbir bólegi qádirlengen. Haywan denesiniń birde-bir bólegi ısırap etilmegen. Bul adam menen tábiyat arasındaǵı óz ara teńsalmaqlılıqtıń belgisi. Ań olja retinde emes, tábiyattıń bergen nesiybesi sıpatında qabıllanǵan. Sonlıqtan, ań etiniń birge jeliniwi awızbirshilik mádeniyatınıń da kórinisi bolıp tabıladı.

Shıǵarmada qoyan etiniń "qolızlıq", kiyik etiniń "toyımlıq" dep bólistiriliwi de ayrıqsha mazmunǵa iye. Bul ańshılıq ortasında qáliplesken rásmiy bolmaǵan etikalıq normanı bildiredi. Demek, ańshılıq tek awlaw processi emes, al óz qaǵıydaları menen normalarına iye sociallıq mektep sıpatında kórinedi. Terilerdiń bólistiriliwi de sol dáwirdegi jámiyetlik qatnaslardı ashıp beredi. Túlki terisiniń tórege, saǵal terisiniń sultanǵa, qasqır terisiniń xanǵa tiyisli bolıwı jámiyettegi ierarxiyalıq qatnastardıń ańshılıqta da saqlanǵanın kórsetedi. Sol arqalı jazıwshı bir epizod ishinde tariyxıy ortalıqtı da, jámiyetlik qatnastı da ashıp beredi. Tarpań hám qulan etiniń sarayǵa jiberiliwi haqqındaǵı maǵlıwmat bolsa ańshılıqtıń ekonomikalıq xızmetin kórsetedi. Avtor aǵa sultannıń áskerdi uzaq waqıt usı et penen baqqanın aytadı. Bul ańshılıqtıń sociallıq-ekonomikalıq áhmiyetin kórsetedi.[1]

Romannıń "Bolar bala bes jasınan belgili" bóliminde ańshılıq motivleri qaharman xarakterin ashıw quralı sıpatında qollanıladı. Avtor Ormanbettiń bala waqtınan-aq basqalardan ózgeshe minezge iye ekenligin kórsetedi. Onı ordanıń ishki isleri yamasa kúndelikli turmıs máseleleri qızıqtırmaydı. Kerisinshe, ol tawlarǵa, keń dalaǵa, qamıslıqlarǵa umtıladı. Bul qızıǵıwshılıqlar qaharmannıń tábiyat penen ishki jaqınlıǵın bildirip, onıń keyingi qáliplesiwiniń psixologiyalıq negizin tiykarlaydı.

Ádebiyattanıwda kórkem personaj jazıwshı tárepinen jaratılǵan hám ózine tán sociallıq hám psixologiyalıq qásiyetlerge iye bolǵan tulǵa sıpatında qaraladı. Sonlıqtan shıǵarmanı tallaǵanda personajdıń individual

[1] Мәмбетов К. Посқан ел.-Нөкис: Jeti ıqlım, 2024. 313- б.

EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejar

xarakterin ashıw áhmiyetli orın iyeleydi.[2] Sol tárepten alıp qaralǵanda, K.Mámbetov Ormanbet obrazın tek sol dáwirdiń sultanı emes, al óziniń kózqarası, minez-qulqı hám ruwxıy qásiyetleri menen ajıralıp turatuǵın kórkem tulǵa sıpatında súwretleydi. Onıń bala waqtınan-aq tábiyatqa jaqın bolıwı, qáwipten qorıqpaytuǵın batırlıǵı, táwekelshiligi hám ańshılıqqa beyimligi obrazdıń individual qásiyetlerin belgileydi. Ásirese, jolbarıs penen baylanıslı epizodlarda qaharmannıń psixologiyalıq portreti tereń ashılıp, onıń keleshekte el basqaratuǵın tulǵa ekenligi anıqlanadı.

Shıǵarmada taw obrazı ayrıqsha semantikalıq júk tasıydı. Ormanbettiń biyiklikke umtılıwı tek geografiyalıq keńislikti bildiriw emes, al ruwxıy jetilisiwge umtılıwdıń da belgisi sıpatında kórinedi. Sonlıqtan, avtor qaharmannıń xarakterin túsindiriwde tábiyat detalların keń paydalanadı. Bul poetikalıq usıl obrazdıń ishki dúnyası menen sırtqı ortalıq arasındaǵı baylanıstı kúsheytedi.

Romannıń eń tereń hám mazmunlı epizodlarınıń biri – jolbarıs balaları menen baylanıslı waqıya. Bul epizod syujet rawajlanıwınıń áhmiyetli buwını bolıw menen birge, qaharman xarakterin ashıwǵa hám adam menen tábiyat qatnasınıń filosofiyalıq mazmunın kórsetiwge xızmet etedi.

Ádebiyat teoriyasında kórkem shıǵarmadaǵı syujet waqıyaları qaharman xarakterin ashıwǵa baǵındırıladı. Sebebi, waqıya menen xarakter arasında tıǵız baylanıs bolıp, personajdıń ishki dúnyası hám minez-qulqı syujet dawamında anıqlanadı.[3] Sol sebepli, romandaǵı jolbarıs balalarına baylanıslı waqıya tek syujetti rawajlandırıw quralı emes, al Ormanbettiń batırlıq, qaysarlıq hám táwekelshilik sıyaqlı qásiyetlerin ashıwǵa qızmet etedi.

Ormanbet penen Taǵaymurat jolbarıs balaların kórgende eki túrli kózqaras payda boladı. Taǵaymurat qáwipti durıs bahalap, bul jerden tezirek ketiwdi usınadı. Ol jolbarıstıń kiyeli haywan ekenligin aytıp, balalarǵa tiyispewge shaqıradı. Bul pikir xalıq kózqarasındaǵı mifologiyalıq túsinikler menen baylanıslı. Túrkiy xalıqlarınıń folklorında iri jırtqıshlar, ásirese jolbarıs, qasqır sıyaqlı janlıqlar kúsh, erkinlik hám qúdirettiń belgisi retinde qabıllanǵan. Sonlıqtan, Taǵaymurattıń sózleri ápiwayı qorqıw emes, al milliy kózqarastıń kórinisi bolıp tabıladı.

Al, Ormanbettiń poziciyası basqasha. Ol qáwipti sezgeni menen, oljadan bas tartqısı kelmeydi. Bul jerde qaharmannıń jaslıqqa tán qızba minezi, ójetligi hám batırlıǵı ashıladı. Jazıwshı onı ideal adam retinde emes, al qáwip penen betpe-bet kelip, sonı jeńiwge umtılatuǵın tulǵa sıpatında súwretleydi. Sol sebepli, bul epizod Ormanbet obrazınıń qáliplesiw basqıshların kórsetetuǵın áhmiyetli psixologiyalıq sınaq bolıp tabıladı.

Epizodtıń eń tereń noqatı ana jolbarıstıń payda bolıwı menen

[2] Шамякина С.В., Морозова Т.А., Крылова С.И. Теория литературы: электронный учебно-методический комплекс для специальностей филологического профиля. – Минск: Белорусский государственный университет, 2019. – С. 37.

[3] Jarimbetov Q., Genjemuratov B. Ádebiyat teoriyası. – Tashkent: Sano-standart, 2018. – B. 113.

baylanıslı. Balalarınıń qáwip astında ekenin sezgen jırtqısh adamlarǵa qarsı shabadı. Bul jerde avtor jolbarıstı qáharli hám qanxor haywan sıpatında emes, al balaların qorǵawshı ana sıpatında súwretleydi. Sol sebepli, oqıwshı tek Ormanbet ushın emes, belgili dárejede jolbarıs ushın da qáweterlenedi. Bul detal shıǵarmanıń gumanistlik mazmunın tereńlestiredi. Sebebi, avtor adam menen haywan qatnasın "jeńis–jeńiliw" principinde emes, al eki tirishilik dúnyasınıń qarsılıǵı sıpatında kórsetedi. Ana jolbarıs óz balaların saqlap qalıw ushın gúresedi. Bul sezim insanǵa da, haywanǵa da ortaq. Sonlıqtan, epizod oqıwshını tábiyatqa basqasha kózben qarawǵa úndeydi.

Jolbarıstıń balalarına baylanıslı waqıyalar romanda ekologiyalıq oy-tolǵawlardı da kúsheytedi. Avtor ańshılıqtı tek batırlıqtıń belgisi retinde emes, al juwapkershilikti talap etetuǵın qubılıs sıpatında da kórsetedi. Bul jaqtan qaralǵanda, shıǵarmada adam menen tábiyat arasındaǵı teńsalmaqlılıq ideyası seziledi. Jolbarıs penen ayqas Ormanbet obrazınıń qáliplesiwindegi sheshiwshi basqıshlardan biri bolıp tabıladı. Bul sınawda qaharman tek fizikalıq kúshin emes, al ruwxıy turaqlılıǵın da kórsetedi. Qáwip aldındaǵı tabanlılıq, tez qarar qabıllay alıw hám qorqınıshtı jeńe biliw qaharmannıń batırlıq qásiyetlerin ashıp beredi.

Bul epizodtan keyin Ormanbet ápiwayı jas jigit dárejesinen batır-ańshı tipine kóteriledi. Sol sebepli, avtor bólimge "Bolar bala bes jasınan belgili" degen atama beredi. Bul atama qaharmannıń keleshegi bala waqtınan-aq sezilgenin bildirip, syujet pen ideyanı birlestiredi.

Ádebiyattanıwda kórkem obrazdıń áhmiyetli qásiyetleriniń biri – onıń óz xarakter logikasına muwapıq háreket etiw bolıp esaplanadı. Ilimpaz D.Quronovtıń pikirinshe, qáliplesken personaj óziniń ishki tabiyatına sáykes is qıladı.[4] Ormanbettiń bul háreketi de onıń batır hám qaysar xarakterinen kelip shıqqan.

Rus ilimpazı V.E.Hálizevtiń pikirinshe, ádebiyat teoriyasınıń tiykarǵı bólimi bolǵan ulıwma poetika kórkem shıǵarmanıń quramın, qurılısın hám xızmetlerin úyrenedi.[5] Sol sebepli "Posqan el" romanındaǵı ańshılıq motivin analiz qılǵanda onı tek syjet bólegi sıpatında emes, al belgili poetikalıq xızmet atqaratuǵın kórkem element sıpatında qaraw zárúr.

Demek, K.Mámbetovtıń "Posqan el" romanında ańshılıq fenomeni tek waqıyalıq detal sıpatında emes, al kóp qırlı kórkem kategoriya sıpatında qollanılǵan. "Shikarda" bóliminde ańshılıq xalıq turmısı, sayatshılıq mádeniyatı hám etnografiyalıq dástúrlerdi ashıw quralı bolıp xızmet etse, "Bolar bala bes jasınan belgili" bóliminde qaharman xarakterin qáliplestiriw hám adam menen tábiyat qatnasınıń filosofiyalıq mazmunın ashıw quralına aylanadı.

Ań etin bóliw, terilerdi úlestiriw, qusbegilik dástúrleri sıyaqlı etnografiyalıq detallar romannıń tariyxıy isenimliligin kúsheytedi. Al jolbarıs epizodı, Taǵaymurat penen Ormanbet kózqaraslarınıń qarama-qarsılıǵı, ana jolbarıs obrazı sıyaqlı kórinisler

[4] Куронов Д. Адабиёт назарияси асослари. – Тошкент: Akademnashr, 2018. – Б. 108.

[5] Хализев В.Е. Теория литературы. – М.: Высшая школа, 1999. – С. 6.

shıǵarmanıń psixologiyalıq hám filosofiyalıq qatlamların tereńlestiredi. Sonlıqtan, "Posqan el" romanında ańshılıq temasınıń qollanılıwı qaraqalpaq tariyxıy prozasındaǵı eń tabıslı kórkem sheshimlerden biri bolıp tabıladı. Jazıwshı ańshılıq arqalı milliy turmıstı, insan xarakterin hám tábiyat penen qatnastı óz ara baylanısta súwretley alǵan.

## References:

1. Jarimbetov Q., Genjemuratov B. Ádebiyat teoriyası. – Tashkent: Sano-standart, 2018, 240 bet.
2. Қуронов Д. Адабиёт назарияси асослари. – Тошкент: Akademnashr, 2018. – 480 б.
3. Мәмбетов К. Посқан ел.-Нөкис: Jeti ıqlım, 2024. -576 б.
4. Хализев В.Е. Теория литературы. – М.: Высшая школа, 1999. – 244 с.
5. Шамякина С.В., Морозова Т.А., Крылова С.И. Теория литературы: электронный учебно-методический комплекс для специальностей филологического профиля. – Минск: Белорусский государственный университет, 2019. – 155 с.